

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Kaparigelan dina basa Sunda diwangun ku opat aspék, salasihijina kaparigelan ngaregepkeun. Tujuan panalungtikan ieu sangkan siswa bisa nyangking kaparigelan basa Sunda sarta bisa nyangkem kana kaparigelan ngaregepkeun. Ngaregepkeun mangrupa salasihiji prosés tina istilah nguping, ngupingkeun, ngadéngékeun sakumaha nu kacangkem, obyékna nyata, jeung dibarengan ku rasa saregep, enya-nya sarta daria (Haerudin & Suherman, 2013). Tujuan séjén tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung kalawan ngagunakeun média *Youtube*.

Pikeun ngahontal pangajaran kaparigelan ngaregepkeun nu merenah, butuh nu ngaranna média pangajaran. Pamangpaatan téhnologi pikeun média pangajaran jaman kiwari bisa digabungkeun jeung pangajaran nu diajar di kelas dina ngaronjatkeun kualitas proses pangajaran (Noemanzah, 2018).

Pakaitna kamekaran téhnologi bisa ngaronjatkeun kualitas sumber daya manusa lamun dilarapkeun sacara bener tur wijak. Ayana téhnologi jadi hal pikeun kamajuan nu gede utamana dina informasi jeung komunikasi, ditandaan ku ayana wangun téhnologi informasi, saperti *handphone*, *laptop*, *smartphone*. Kamekaran téhnologi miboga kamajuan dina sawatara widang, salasihijina dina widang pangaweruh, nu bisa méré dampak positif pikeun kamampuh siswa utamana dina kagiatan pangajaran pikeun kamampuh ngaregepkeun. Salasihiji média anu bisa digunakeun dina pangajaran nya éta média sosial. Média Sosial mampuh méré apal cara proses komunikasi nu anyar ngaliwatan téhnologi nu béda tina média sosial tradisional (Sulianta, 2015). Ayana sawatara média sosial tangtu jadi tungtutan nu gede ka pangajar pikeun nerapkeun dina kagiatan pangajaran sacara variasi, kréatip jeung inovatif saluyu jeung kamekaran jaman jeung téhnologi.

Salasihiji média sosial nu bisa digunakeun dina kagiatan pangajaran,

Aya ogé sawangan nu pakaitna jeung pamakéan *Youtube* ditepikeun ku Helianthusonfri (2016) yén *Youtube* mangrupa salasihiji média sosial anu loba digunakeun dina jaman kiwari. Ayana média *Youtube* tangtu ngabantu pisan siswa ogé tanaga pangajar dina proses pangajaran (Kamhar & Lestari, 2019). Nurutkeun Syafriaedi (2020) kaonjoyan *Youtube* nya éta ngawengku média audio sarta visual, ku kituna siswa bakal leuwih gampang maham kana naon nu ditepikeun. Ku ayana média *Youtube* bisa ngungkulan kahariwang siswa nalika pangajaran ngaregepkeun dongéng.

Sanajan kitu aya bangbaluh dina ngahontal ieu kaparigelan ngaregepkeun salasihijina nurutkeun Hermawan (2012) loba sakola nu kurang merhatikeun kaparigelan ngaregepkeun dibandingkeun jeung kaparigelan komunikasi nu séjénna. Dumasar pedaran di luhur yén kaparigelan ngaregepkeun téh penting tapi masih kénéh can kaperhatikeun. Ngaregepkeun dianggap hésé ku siswa lantaran dipangaruhan ku sababaraha faktor di antarana, siswa kurang saregep nalika matéri ditepikeun, siswa hare-haré nalika matéri ditepikeun, faktor séjénna nu bisa mangaruhan nya éta kaayaan kelas anu teu kondusif, siswa sok ribut sarta ngobrol ditambah kurang ngarti kana kandaga basa Sunda (Lestari,2016). Aya ogé dumasar hasil wawancara nu dilakukeun ka guru basa Sunda di SMPI Al-Azhar 36 Bandung kapanggih nalika ngaregepkeun matéri dongéng siswa sok tara ngarti naon nu ditepikeun ku guru ku sabab guru nepikeun ku cara ceramah jeung siswa teu antusias ku sabab suasanana monoton. Ku kituna guru kudu miboga cara nu matak siswa jadi sumanget nalika pangajaran ngaregepkeun dongéng. Salasihijina, guru salaku fasilitator kudu leuwih kreatip dina nepikeun materi pangajaran, bisa dideudeulan ngagunakeun média *Youtube*. Ieu média téh ngagunakeun média audio sarta visual, sangkan méré pangajaran nu béda jeung teu monoton nalika siswa ngaregepkeun dongéng.

Salian éta, dongéng mangrupa carita kréatip nu dipikawanoh jadi salasihiji hayalan pikeun hiburan (Sutardi, 2009). Kaparigelan ngaregepkeun dongéng kaasup salasihiji capaian pembelajaran basa Sunda anu kudu dikawasa ku siswa. Ieu hal saluyu jeung capaian pembelajaran anu aya dina *Alur dan Tujuan Pembelajaran Bahasa Sunda Fase D Kelas VII Kurikulum Merdeka* siswa kudu

miboga kompetensi kaparigelan dongéng ku cara ngaregepkeun.

Aya sababaraha panalungtikan saméméhna nu medar ngeunaan ngaregepkeun dongéng di antarana “Média Audio dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng” ku Siti Ilah. “Média Bonéka dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng” ku Kinanti Puji Lestari. *Pemanfaatan Media Youtube sebagai Media Pembelajaran Menulis Puisi* ku Marlina Bakri jeung Yusni. Panalungtikan di luhur mangrupa panalungtikan nu geus kabukti sarta éféktif dina bahan pangajaran.

Sasaruaana antara judul-judul di luhur jeung judul nu ditalungtik nya éta, dina kaparigelanna nu mana ngaregepkeun jeung objékna nya éta dongéng. Nu ngabédakeunana nya éta dina média nu dipaké, populasi nu ditalungtik, sarta waktu kaayaan, ieu panalungtikan ngagunakeun média *Youtube* pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun dongéng, sarta sumber data panalungtikan ieu aya di siswa kelas VII-D SMP Al-Azhar 36 Bandung kalawan luring.

Dina prak-prakan kagiatan ngajar ngaliwatan média *Youtube* aya sawatara sawangan. Nurutkeun Hamidah (2021) fasilitas dina *Youtube* dimangpaatkeun ku guru sabab média ieu mangrupa salasihiji média nu kawilang éféktif pikeun nepikeun informasi kasiswa. Aya ogé sawangan nu béda nurutkeun Ramadan & Triwahyuni (2020) siswa kudu miboga kuota internet pikeun ngaaksés média *Youtube*. Nilik tina dua panalungtikan di luhur, panalungtikan nu baris rék dilakukeun nya éta luyu jeung nu ditétélakeun ku Hamidah (2021) guru nu jadi fasilitator pikeun nepikeun dina média *Youtube*, sangkan dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ngaliwatan média *youtube* siswa teu kudu ngaluarkeun kuota pikeun ngaaksés média *Youtube*.

Penting pisan ieu panalungtikan diayakeun dina panalungtikan média *Youtube* pangajaran ngaregepkeun dongéng. Ieu panalungtikan téh sangkan mikanyaho ayana média *Youtube* mangaruhan atau henteu dina kamampuh ngaregepkeun dongéng.

Ku kituna panalungtikan anu judulna “Média *Youtube* dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung Taun Ajar 2022/2023)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar identifikasi masalah ieu di handap, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung saméméh ngagunakeun média *Youtube*?
- 2) Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nguji éféktif henteuna média *Youtube* dina kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsikeun:

- a) kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung saméméh ngagunakeun média *Youtube*;
- b) kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*;
- c) bédana kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, dipiharep panalungtikan ieu bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satuluyna, sangkan bisa mekarkeun pangajaran ngaregepkeun ngagunakeun média *Youtube*. Dumasar hasil ieu panalungtikan ogé bisa ngajadikeun pangajaran nu kréatip.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya sababaraha mangpaat praktis dina ieu panalungtikan saperti ieu dihandap.

- a) Pikeun siswa, dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa ngaliwatan média *Youtube*.
- b) Pikeun guru, dipiharep bisa ngagunakeun pangajaran ngaliwatan média *Youtube*.
- c) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*.

### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan diwangun jadi lima bab, wincikana saperti ieu di handap.

Bab I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II medar ngeunaan tiori di antarana tiori média pangajaran hususna média *Youtube*, tiori ngaregepkeun, jeung tiori dongéng. Salian ti éta aya ogé raraga mikir, panalungtikan saméméhna jeung hipotésis nu aya patalina jeung masalah panalungtikan.

Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, prosedur / alur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data.

Bab IV medar ngeunaan hasil panalungtikan saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

Bab V medar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna.